# И.ЮСУПОВ ПОЭЗИЯСЫНДА ҚУСЛАР ОБРАЗЫНЫҢ ЛИРИКАЛЫҚ СУБЪЕКТКЕ ҚАТНАСЫ

**Арзыев Шарапатдин Абдирахманович**

*Әжинияз атындағы Нөкис мәмлекетлик педагогикалық институты*

**Резюме**: Бадиий адабиётда, айниқса шеъриятда қушлар ва жониворлар образи асарнинг ғоясини ёритиб беришде муҳим аҳамият касб этади.

Ушбу мақолада таниқли шоир И.Юсуповнинг поэтик асарларида қушлар образининг лирик субъектга таъсири масаласи ўрганиб чиқилган.

Шунингдек, қушлар образининг кўплаб бадиий образлар қатори бадиий асарларда талқин этилиши, образ яратишда ижодкорларнинг ўзига хос маҳорати ҳақида сўз юритилади.

**Таянч сўзлар:** адабиёт, поэзия, қушлар образи, лирик субъект, шоир

**Резюме:** В художественной литературе, особенно в поэзии, важную роль в объяснении идеи произведения играет образ птиц и животных.

В данной статье рассматривается влияние образа птиц на лирическую тему в поэтическом творчестве известного поэта И. Юсупова.

Также обсуждается трактовка образа птиц в произведениях искусства, наряду со многими художественными образами, и уникальное мастерство создателей в создании образов.

**Ключевые слова:** литература, поэзия, образы птиц, лирический субъект, поэт

**Resume:** In fiction, especially in poetry, the image of birds and animals plays an important role in explaining the idea of a work.

This article examines the influence of the image of birds on the lyrical theme in the poetic work of the famous poet I. Yusupov.

The interpretation of the image of birds in works of art, along with many artistic images, and the unique skill of the creators in creating images is also discussed.

**Key words:** literature, poetry, images of birds, lyrical subject, poet

Әдебияттаныў илиминде лирикалық объект ҳәм лирикалық субъект атамалары ушырасады.

Лирика – инсанның ишки дүньясын көркем сөз өнеринде ашып бериў зәрүрлигинен туўылған әдебий түр екенлиги мәлим. Ол пайда болған дәўирден баслап бул атама ишки сезимлерди, туйғыларды беретуғын көркем шығармалардың атамасы сыпатында қолланылады.

Қарақалпақ әдебияттаныў илиминде бул термин XX әсирде қолланыла баслады. Лирика сыртқы дүньяны сәўлелендириў талаплары, тәртиплери бойынша эпос пенен драмадан саррас ажыралып турады. Лирика жанрлық талаплары бойынша сыртқы дүньяны сәўлелендириў усыллары, тәртиплери

бойынша эпика ҳәм драмадан пүткиллей парықланады. Егерде проза ҳәм драмада ўақыялардың баянлаў ҳәм қаҳарманлардың ис-ҳәрекетлерин усы ўақыяларға, шәраятларға байланыстырып көрсетиў тийкарғы орында турса, лирикада ўақыялар баянлап берилмейди. «Лирика сыртқы орталықтың тәсиринен пайда болған қуўаныш, сүйиниш, қайғы-ҳәсирет, көтериңкилик ҳәм т.б. сезимлерди, ишки кеширмелерди, руўхый ҳалатларды, ой-пикирлерди эмоциональ қызғынлы (толқынланған) сөзлер арқалы береди. Лирикалық шығармаларда тийкарынан шайырдың өзиниң ишки кеширмелери бериледи, сонлықтан, көпшилик жағдайда шайырды лирикалық қаҳарман сыпатында қабыл алады, яғный, шайыр менен лирикалық қаҳарманды қосып түсинеди. Бирақ лирикада берилген сезимлерди тек шайырдың жеке турмысынан алынған деп түсине бериўге болмайды. Шайыр өзинен басқаның да ишки руўхый жағдайларына кире алыў уқыбына ҳәм лирикалық «мен» арқалы көп адамлардың ишки сезимлерин, дәртлерин бере алады» [Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ., 1994. – 114 б]. Мине, лириканың баслы қәсийетлери усыннан ибарат.

Әдебияттаныў илиминде көпшилик жағдайда лирикалық қаҳарман дегенде «автордың сөзи» түсиниледи. Алымлар бул жағдайды түрлише түсиндиреди: Мәселен, белгили алым Иззат Султан бул ҳаққында былай жазады: «Лириканың мазмуны еки тәрепинен анық рәўиште автобиографиялық характерге ийе. Бириншиден, лирикалық шығармаға шайырдың өз басынан өткен бир ўақыя оның қыялына келген бир айрықша әҳмийетли пикир я оның жеке өзин ләрзеге салған бир сезим мазмун бериўи мүмкин. Екиншиден, шайыр өзиниң басынан өтпеген бир ўақыяны яки жеке өзи сезинбеген бир сезимди сәўлелендиргенде де, ол ўақыя ҳәм сезимлерди өзи көрген, билген сезгендей сезимге берилмесе, сол ҳалатқа өзин сала билмесе оның сезими ҳақыйқый бола алмайды, оқыўшыға тәсир етпейди» [Иззат Султан., 1980. – 253 б].

Қарақалпақ әдебиятында лирикалық қаҳарман жаратыў мәселесин изертлеген К.Худайбергенов та бул пикирди қоллап-қуўатлайды. Яғный, оның пикиринше «Ҳеш бир шайыр да, турмыста болмаған идеяны ойлап таппайды, ал турмыслық идеяны сезимлер арқалы береди» [Худайбергенов К., 1987. – 28 б].

Лирикалық шығармада тийкарынан шайыр ишки кеширмелер, туйғылар арқалы баянлайды, сонлықтан, көпшилик жағдайда шайырды лирикалық қаҳарман сыпатында қабыл алады, яғный, шайыр менен лирикалық қаҳарманды бир қосып түсинеди. Бирақ лирикада берилген сезимлерди тек шайырдың өз басынан кеширгенлери деп түсине бериўге болмайды. Шайыр өзинен басқаның да ишки руўхый ҳалатларына кире алыў уқыбы менен ҳәм лирикалық «мен»и арқалы көп ғана адамлардың, мәселен, өз заманласларының, қоршаған

орталықтағы жанлы ҳәм жансыз нәрселердиң, өткен дәуир менен келешектеги инсанлардың кеширмелерине саяхат жасай алады, тап өз басынан кеширген сыяқлы ишки ой-сезимлерин бере алады, сәўлелендиреди.

Лирикалық шығармалардың көркем мәниге ийе екенлигиде жаратылған образлар менен байланыслы. Лирикада образды түсиниў ушын ең дәслеп ондағы персонаждың социаллық негизи ашылыўы шәрт. Эпикалық шығармаларда бул ушын кең мүмкиншилик бар. Ал лирикада бул ушын автордан үлкен талантты, дөретиўшилик тәжирийбелерди өзлестириўди талап етеди. Бул деген сөз лирикалық қаҳарманның ишки сезимлери оқыўшы санасына тәсир ете алыўы, «түртки» болыўы тийис.

Бирақ лирикада әдебияттың басқа түрлериндегидей турмысты кең сүўретлеў, қаҳарманды ҳәрекетте көрсетиў арқалы оның образын жаратыў мүмкиншилиги жоқ. Сонлықтан, лирикалық образ жаратыў ҳаққында сөз еткенде оның мазмун өзгешелигин есапқа алыў керек.

Лириканың мазмуны – бул инсанның ишки сезимлер дүньясы. Яғный адамды толқынландырған, толғандырған, тынышсызландырған, күйиндирген, қапаландырған, йошландырған сезимлер лириканың мазмунын қурайды. Шайырдың шығармаларындағы көркем поэтикалық изленислери көпшилик жағдайларда образ жасаў усыллары менен байланыслы қарастырылады. Себеби, көркем образ шығарманың көркемлигин тәмийинлейтуғын мазмун менен форманы байланыстырыўшы тийкарғы элемент есапланады. Лирикалық қаҳарман образында дәуирдиң, халықтың ҳәм жеке инсан руўхы жәмлескен түрде бериледи. Егерде усыларды шайыр лирикалық қаҳарман образында типлестире алмаса, онда ол шығарманың мазмуны менен форма бирлиги «бузылып», сыйқағы шыққан сөзлерден қуралған қатарларға усап қалады. Буның менен биз лирикалық қосықларда турмысты кең сүўретлеў керек деген талап келип шықпайды. Шайырдың қосықта барлық нәрсе ҳәм ҳәдийселер туўдырған ой-сезимлери конкрет берилиўи тийис. Сонда ғана лирикалық қаҳарманның тәкирарланбас келбети оның жан сезими арқалы шебер жаратылады.

Өзбекстан Қаҳарманы, Өзбекстан ҳәм Қарақалпақстан халық шайыры И.Юсуповтың дөретиўшилигине бағышланған илимий изертлеўлерде шайырдың лирикалық қаҳарман образын жасаўдағы өзине тән шеберлиги мәселеси, олардың формалық ҳәм мазмунға сәйкес ҳалда жаратылыўы, поэзияда қуслар ҳәм ҳайўанатлар дүньясының көркем образ сыпатында жасалыўына алып кирген жаңалықлары елеге шекем илимий изертлеў объекти сыпатында арнаўлы түрде үйренилип, изертленбеди. Усы көз қарастан биз шайырдың лирикалық қосықларында қуслар образының лирикалық субъектке қатнасы мәселесин үйрендик. Онда лирикалық қаҳарман жанлы тәбият

ағзалары (қуслар) менен ишлей сәўбетлеседи, сырласады. Сол арқалы өзиниң ишки кеширмелерин тыянақлы ой-пикирлер арқалы жүзеге шығарады.

Адамның тәбият алдындағы жуўапкершилиги проблемасы тәбиятқа келешек әўладлардың мәпин ойлап, экологиялық этика жүзесинен қатнас жасаў зәрүрлиги И.Юсуповтың "Тырналар" қосығында лирикалық қаҳарманның жан сезимлери арқалы бериледи.

Не ис тапса инсан пейлинен табар,
Ол қаст етсе - терис ағар дәрьялар,
«Бул жер бизге ҳарам» дегендей олар,
Аҳ урып қыйқыўлап барар тырналар.

Қусларды көлатсыз, теңизди суўсыз
Қалдырған нәмәртлер қалмас сораўсыз,
Қарғысқа жолығып бәри қалыўсыз,
Туқымқурт болғай, деп барар тырналар.

Таңлары оянбас толқын сестинен,
Қайлардан аларман ондай күшти мен...
Дузлы шаңғыт көмген көллер үстинен
Бул жағысқа түспей барар тырналар [Юсупов И., 1997. – 26 б].

Бул қосықта экологиялық апат орайына айналған туўылған топырағына түспей ушып кетип баратырған тырналарға лирикалық қаҳарманның мүрәжәты арқалы шайыр пүткил тәбияттың, усы тәбияттың бир бөлеги болған адамлардың басына түскен аўырманлықты үлкен трагизм сезими арқалы берип отыр.

И.Юсуповтың адам ҳәм тәбият арасындағы өз-ара мүнәсибетлерине арналған шығармаларындағы лирикалық қаҳарман образы арқалы берилген адамларды экологиялық этика тийкарында жасаўға, тәбият алдындағы жуўапкершилигин сезинип ҳәрекет етиўге шақырық заманласларымыздың руўхый дүньясын, өмирге қатнасын қәлиплестириўде үлкен әҳмийетке ийе.

«Қарлығаш» қосығында лирикалық қаҳарманының кеўил күйин бериў арқалы шайыр Арал апатының бул аймақтың халқының тиришилигине, ҳәр бир адамының тәғдирине алып келген унамсыз өзгерисин берип тур.

Сәўирдиң самалы менен бәҳәрде
Әйнегимнен кирип келер едиң сен.
Тамның ағашына қәўипсиз жерге
Жубайласып уя салар едиң сен.

Шымшық аңлыйтуғын тарғыл пышық та

Саған мәлел бермей көз жумар еди.
Сийрек көринесең сен соңғы ўақта,
Қашқаныңа қандай себеп бар еди.

Аўа, биз инсапсыз қаттыға кетип,
Аяўсыз уўладық жер, суў, ҳаўаны.
Ана-тәбиятқа қыянет етип,
Енди тартпақтамыз оның заўалын [[Юсупов И., 1997. – 47 б].

Шайыр бул жерде лирикалық қаҳарманның Арал апатының өз тәғдирине унамсыз тәсири туўралы көзқарасын бериў арқалы адамның көзсиз ис-ҳәрекетлериниң ақыбети жаман боларын образлы түрде - әжайып қус, қарлығаш образы арқалы берип тур. Егер инсан тәбияттың нызамлары менен санаспай ис тутса, оның ақыбети жақсылыққа алып келмейди. Тәбият ҳәм инсан арасындағы мүнәсибет проблемасын ашып бериў ушын қолланылған лирикалық қаҳарман образында адамның тәғдириниң ол жасап атырған топырақтың тәғдири менен байланысы көринеди.

Шайыр адамның тәбият алдындағы жуўапкершилиги мәселесин өз қосықларында қайта-қайта тәкирарлаўдан жалықпайды. Егер адам өзиниң қәтелигин түсинип, оны дүзетиўге ҳәрекет етпесе, оның өмири надурыс бағдарда кете береди. Ақыры, бул пүткил халықтың келешеги ушын әҳмийетли мәселе, сонлықтан ол усындай етип шегелеўди талап етеди.

И.Юсупов шығармаларындағы лирикалық қаҳарманының баслы әрманы - Аралды, туўылған жердиң гөззал тәбиятын бир пүтин ҳалда, бар сулыў келбети, сап таза ҳалатында қайта көриў. Бул усы топырақта жасап атырған халқымыздың баслы әрманы. Яғный, бул мәселеде лирикалық қаҳарман образында пүткил халқымыздың сезим дүньясы сәўленленип турғанлығын көремиз.

Ҳақыйқатында бул лирикалық қаҳарман образы арқалы берилип турған мыңлардың әрманы. Шайыр өз заманласларының көкирегиндеги қәстерли арзыў-әрманын қосық қатарлары арқалы жеткерип бере алған.

И.Юсуповтың соңғы дәўирдеги поэзиясындағы лирикалық қаҳарман образында Арал апаты проблемасының сәўлелениўи нызамлы жағдай еди. Себеби, халқының басына түскен ең аўыр проблеманы өз лирикалық қаҳарманы арқалы сәўлелендириў - шайырдың алдына қойған тийкарғы позицияларынан бири еди. Бул мәселе лирикалық қаҳарман образы арқалы ашып берилип, оқыўшыларды экологиялық этикаға тәрбиялайтуғын көркем қурал сыпатында турмысымыздың белгили бир қубылысына айналды деп толық исеним менен айта аламыз.

## ӘДЕБИЯТЛАР:

1. Ахметов С., Есенов Ж., Жәримбетов Қ. Әдебияттаныў атамаларының орысша-қарақалпақша түсиндирме сөзлиги. – Нөкис: Билим, 1994.

2. Иззат Султан. Адабиёт назарияси. – Тошкент: Фан, 1980.

3. Худайбергенов К. Дәўир ҳәм парыз. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1987.

4. Юсупов И. Бүлбил уясы. – Нөкис: Билим, 1997.